

**Center for Family Services**  
**Deklarasyon Dwa, Responsablite ak Konsantman pou Tretman Kliyan an**

Non Klyan an: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_

Kòm kliyan nan Sant Sèvis pou Fanmi, nou byen akeyi w e ou genyen dwa sa yo:

1. Yo dwe trete w ak koutwazi ak respè pa anplwaye ak terapis yo.
2. Mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl nou yo ak règleman ak pwosedi ajans lan pou pwoteje vi prive ou ak konfidansyalite nan limit ki posib nan Lwa Florid ak Règleman Federal yo.
3. Konnen ke ak yon lòd tribinal valab enfòmasyon ki nan dosye ou ka sijè a divilgasyon menm san konsantman ou an akò ak Lwa Florid.
4. Konnen ke lalwa egzije anplwaye pwofesyonèl yo pou enfòme Depatman Timoun ak Fanmi nan Florid si yo sispek abi fizik, seksyèl, oswa emosyonèl ak / oswa neglijans nan yon timoun. Lalwa egzije nou osi pou enfòme Sèvis Pwoteksyon Granmoun, Depatman Zafè Granmoun Aje, si yo sispek abi oswa neglijans nan yon granmoun ki depandan.
5. Konprann ke si pwofesyonèl sante mantal ou a gen yon kòz rezonab poul kwè ke ou yon danje pou tèt ou, oswa pou moun oswa pwopriyete yon lòt moun, lè sa a yo dwe deklare sa bay moun ki responsab pou sa oswa a ajans ki ka anpeche danje sa a.
6. Resevwa sèvis konpetan, bon jan kalite san diskriminasyon ras, koulè, kwayans, laj, reliyon, orijin nasyonal, sitiyasyon ekonomik, sèks, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon veteran, andikap, oswa metòd peman.
7. Patisipe nan devlopman, revizyon ak tèminasyon a sèvis / plan tretman ki itilize metòd pou adrese bezwen w yo pi vit ke posib e pwofesyonèlman, epi yo dwe enfòme sou tout sèvis yo pral bay, ak ki lè ak ki jan yo pral bay sèvis sa yo.
8. Refize nenpòt pòsyon nan plan sèvis sa yo, oswa mande yon chanjman de manm pèsonèl ki afekte a ou menm san ou pa riske pèdi sèvis ou yo apre yo fin enfòme konplètman de konsekans de aksyon sa yo.
9. Genyen sesyon prive san enteripsyon nan yon anviwònman ki byen ekipe e byen konsève pou asire sante ak sekirite ou avèk yon pwofesyonèl sante mantal ki rapid, ki tande e dispoze pou koute.
10. Fè moun ki responsab yo tande plent ou yo, pwoblèm ak sijesyon yo e pou yo bay yon repons.
11. Yo pa dwe pini w osinon pou yo al chache revanj sou ou sou fòm yo pa ba w sèvis paske w te fè konen doleyans ou.
12. Konnen ke chak kliyan gen dwa kontakte Depatman Timoun ak Fanmi Florid yo si yo gen yon doleyans ki pa rezoud nan pwosedi doleyans lan.
13. Konnen ke chak kliyan gen dwa kontakte Depatman Timoun ak Fanmi Florid yo si yo kwè ke yo te ekspligate yo, abize yo oswa neglige yo nan Sant pou Sèvis pou Fanmi (800-962-2873).
14. Yo dwe lib de izolasyon ak kontrent kòm yon fòm de entèvansyon konpòtman.
15. Mande pou gen aksè a nenpòt enfòmasyon sou ou nan dosye w ajans kap sèvi w lan ak yon otorizasyon ke w siyen pou yo pataje enfòmasyon sa a bay nenpòt ki lòt ajans ke ou chwazi.
16. Konnen ke li posib ke komite Sant Akreditasyon kapab revize dosye w, sous finansman ak / oswa Komite pou Amelyorasyon Kalite fè pati nan operasyon travay la nan bi pou yo evalye kalite sèvis wap reseswa.
17. Konnen ke tout sa ki ekri nan dosye w, yo kenbe yo pou 7 ane e apre sa yo detwi yo pa dechiktaj oswa yo boule yo.
18. Pati elektwonik nan dosye w la rete nan sistèm elektwonik sante òganizasyon an.

Kòm yon kliyan nan Sant Sèvis pou Fanmi, ou gen responsablite sa yo:

1. Pou bay enfòmasyon egzat ak konplè sou konpotman sante, sante fizik aktyèl ak medikaman, ak lòt zafè ki gen rapò ak sante ou.
2. Pou poze kesyon pou asire w ke ou konprann dyagnostik ou a, tretman, rezulta yo, ak nenpòt enstriksyon.
3. Pou patisipe nan planifikasyon tretman ak pou swiv plan tout pati yo dakò sou li, ki gen ladan ranpli devwa tretman ak retounen pou swivi..
4. Pou kenbe randevou ou, oswa chanje oswa anile avèk avi omwen 24 èdtan, pou pèmèt lòt moun ki nan bezwen gen aksè a sèvis swen sante.
5. Pou itilize sèvis avèk sajès, fè atansyon a depans yo, epi peye tout bil yo a lè.
6. Pou siyen konsantman ki nesesè pou detèmine ak otorize sèvis tretman patikilye.
7. Ou dwe respekte lot moun, aji ak koutwazi avek anplwaye yo, entèn yo, volontè yo, vizitè yo ak lòt kliyan yo.

Se politik Sant Sèvis pou Fanmi ke, voye yon mesaj de sevis osinon yon kout mesaj tèks bay kliyan oswa reponn a mesaj tèks nan men kliyan entèdi konplètman. Epitou, Sant Sèvis pou Fanmi entèdi tout anrejistrem de sèvis swen terapeutik ke anplwaye yo oswa konsiltan yo bay. Li ilegal pou anrejistre yo. Sèvis terapeutik ke w pa dwe anrejistre yo se sikoterapi, terapi an gwoup, sesyon sikuatrik, entèvansyon telefòn terapi ak komunikasyon.

Si ou ta santi ke dwa ou yo pa respekte, tanpri diskite avan avek pwofesyonèl kap travay avèk ou a. Si sa pa rezoud pwoblèm lan avèk satisfaksiyon, nou ankouraje w pou kontakte Ofisyè an Chèf Operasyon an. Si ou toujou pa satisfè, kontakte Ofisyè an Chèf Operasyon an pou pran yon entèvyou avan dis (10) jou ouvrab.

Siyati mwen ki anba a sètifye ke mwen te li ak konprann enfòmasyon konsènan dwa ak responsablite mwen kòm yon kliyan nan Sant Sèvis pou Fanmi. Mwen otorize yon reprezantan pwofesyonèl nan Sant Sèvis pou Fanmi pou dyagnostike mwen ban mwen tretman jan yo konsidere nesesè.

Siyati Kliyan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Paran / Gadyen legal: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_